Pou Piblikasyon Imedya: 20/09/2024 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

ANVAN SEMÈN KLIMATIK LA, GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 5.4 MILYON DOLA ANDISYONÈL NAN PRIM SIBVANSYON FORÈ KOMINOTÈ AK IBEN POU 17 PWOJÈ NAN TOUT ETA A

Pwojè Lwa sou Rediksyon Enflasyon an finanse yo plante pye bwa ak ogmante rezistans forè kominotè nan kominote defavorize yo

Pwojè plantasyon an pral kontribye nan objektif '25 milyon pye bwa disi 2033' Gouvènè a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon lòt 5.4 milyon dola nan prim sibvansyon pou Sibvansyon Forè Kominotè ak Iben ki te finanse atravè Lwa sou Rediksyon Enflasyon (Inflation Reduction Act, IRA) Federal la. Finansman an ogmante sou 7.1 milyon yo akòde nan dat 25 jiyè, sa ki ogmante rezilta pwojè yo prevwa ak rive, epi li pote montan total yo akòde a nan 12.5 milyon dola. Prim yo sipòte inisyativ Eta Leta 2024 Gouvènè Hochul la pou plante 25 milyon pye bwa disi 2033, angajman resan yo atravè Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt la ak lòt envestisman Eta New York pou elaji ovan pyebwa ak kiltive kominote ki pi vèt ak an sante.

"Envestisman nan espas vèt kominotè se yon etap enpòtan nan direksyon pou revitalize vil ak komin nou yo, epi asire yon avni dirab, fleksib pou tout Nouyòkè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Envestisman sa yo pral ede bay lè ak dlo pi pwòp nan chak kwen nan eta nou an, epi fè nou pi pre atenn objektif klima nou yo."

Pwojè yo finanse yo reprezante yon efò kolaborasyon ant gouvènman lokal yo, òganizasyon san bi likratif, ak gwoup kominotè yo pou kreye forè iben ki pi ekitab ak fleksib fas a ogmantasyon tanpèt ak chalè ekstrèm ke chanjman klimatik lakòz. Pwojè yo konsantre sou kominote ki defavorize yo epi yo enkli inisyativ pou angaje ak piblik la nan jefò pou plante pye bwa ak jerans, epi ogmante ovan pyebwa nan espas piblik ouvè yo ak sou wout yo. Efò sa yo alinye ak konsèvasyon ak ajanda anviwònmantal Gouvènè Hochuls ki pi laj, ki gen ladan amelyore espas ouvri ki deja egziste ak objektif prezèvasyon tè, sipòte objektif klima anbisye eta a, ak avanse jistis anviwònmantal nan tout eta a.

Sibvansyon yo administre atravè Pwogram Forè Iben ak kominotè Depatman Prezèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York, ki travay pou ogmante sansibilizasyon piblik sou enpòtans pye bwa yo epi ede kominote yo kreye forè ki an sante pandan y ap amelyore kalite lavi pou rezidan yo.

Finansman pou sibvansyon sa a disponib atravè alokasyon eta a ki soti nan Sèvis Forè Depatman Agrikilti Etazini (U.S. Department of Agriculture, USDA) an atravè IRA) a. Sèvis Forè USDA ap alwe finansman sa a pou sipòte pwojè nan kominote defavorize yo pou ogmante ak kenbe yon ovan iben ki an sante ak aksè ekitab ak pye bwa ak benefis yo bay yo. Pwogram Forè Iben ak kominotè Sèvis Forè a otorize finansman pou yon pakèt aktivite, tankou itilizasyon bwa nan milye iben yo, forè manje nan milye iben yo, diminisyon chalè ekstrèm, ak devlopman mendèv.

Komisè pa enterim Depatman Prezèvasyon Anviwònmantal Eta New York la, Sean Mahar, te deklare, "Pye bwa nan milye iben yo pi plis pase yon senp touche lanati nan vil nou yo—yo ede diminye chalè ekstrèm, amelyore kalite lè a, epi sipòte sante piblik. Lè nou amelyore espas vèt nan zòn ki afekte pa chanjman klimatik ak lòt defi anviwonmantal yo, nou rafrechi lari ak kay pandan n ap amelyore kalite lavi pou tout Nouyòkè yo. Pye bwa fè pati entegral peyizaj iben nou yo epi yo kite yon eritaj pou jenerasyon k ap vini yo."

Eta New York ap selebre 16èm Semèn Klima anyèl la soti 22-29 septanm 2024. Pwojè ki enkli nan anons sa a sipòte angajman New York pou redwi emisyon gaz ki lakòz efè sè, fè kominote yo pi rezistan, ankouraje aksyon pou abòde chanjman klimatik ak avanse jistis anviwònmantal, asire abòdabilite kòm yon pati nan tranzisyon enèji pwòp la, epi kreye nouvo djòb ak opòtinite pou jenerasyon k ap vini yo.

Men lis 17 pwojè ki resevwa lajan anplis pa rejyon:

Capital Region
Albany County

- Depatman Sèvis Jeneral Vil Albany: 456,705 dola anplis, pou yon total 876,965 dola; Aplikasyon Plan Jesyon Forè Kominotè

Greene County

- Vilaj Athens: 237,335 dola adisyonèl, pou yon total 577,968 dola; Aplikasyon Plan Jesyon Forè Kominotè

Rensselaer County

- Vil Troy: 64,800 dola adisyonèl, pou yon total 382,400 dola; Aplikasyon Plan Jesyon Forè Kominotè

Central New York
Onondaga County

- Vil Syracuse: 414,858 dola adisyonèl, pou yon total 910,141 dola; Aplikasyon Plan Jesyon Forè Kominotè

Finger Lakes

Genesee County

- Vil Batavia: 306,218 dola adisyonèl, pou yon total 758,950 dola; Jesyon Pye Frèn nan Kominote Defavorize yo

Monroe County

- Vil Rochester: 399,250 dola adisyonèl, pou yon total 598,875 dola; Aplikasyon Plan Jesyon Forè Kominotè

Mid-Hudson Valley

Ulster County

- Vil Kingston: 240,824 dola adisyonèl, pou yon total 732,375 dola; Aplikasyon Plan Jesyon Forè Kominotè

Westchester

- Vil New Rochelle: 6,600 dola adisyonèl, pou yon total 41,600 dola; Jesyon Pye Frèn nan Kominote Defavorize yo

New York City

The Bronx

- Woodlawn Conservancy Inc.: 727,962 dola anplis, pou yon total 1,201,354 dola; Aplikasyon Plan Jesyon Forè Kominotè
- Natural Areas Conservancy Inc.: 467,510 dola adisyonèl, pou yon total 862,168 dola; Jesyon Pye Frèn nan Kominote Defavorize yo

Brooklyn

- Big Initiatives Incorporated: 843,709 dola anplis, pou yon total 1,251,166 dola; Aplikasyon Plan Jesyon Forè Kominotè – Jerans Pyebwa Lari yo
- The Evergreens Cemetery Preservation Foundation: 415,000 dola adisyonèl, pou yon total 915,000 dola; Aplikasyon Plan Jesyon Forè Kominotè

Manhattan

- Simityè Green-Wood: 100,000 dola adisyonèl, pou yon total 598,035 dola; Aplikasyon Plan Jesyon Forè Kominotè
- Randall’s Island Park Alliance Inc.: 353,520 dola anplis, pou yon total 851,262 dola; Aplikasyon Plan Jesyon Forè Kominotè

North Country

Clinton County

- Distri Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo nan Konte Clinton: 231,325 dola anplis, pou yon total 460,947 dola; Jesyon Pye Frèn nan Kominote Defavorize yo

Jefferson County

- Vil Watertown: 150,000 dola adisyonèl, pou yon total 550,000 dola; Aplikasyon Plan Jesyon Forè Kominotè

Western New York
Chautauqua County

- Vil Dunkirk: 35,867 dola adisyonèl, pou yon total 158,313 dola; Aplikasyon Plan Jesyon Forè Kominotè

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "New York, pran pèl ou epi pare pou fouye pou plante anpil nouvo pye bwa paske plis pase 5 milyon dola, anplis plis pase 7 milyon dola nou te anonse nan kòmansman ete sa a, sou wout pou kreye plis forè iben, soti nan Albany rive nan Kingston ak plis! Mwen te goumen anpil pou m enjekte finansman sa a nan Lwa sou Rediksyon Enflasyon an pou vil atravè New York te kapab gen aksè ak finansman yo te bezwen depi lontan pou bay yon nouvo lavi nan katye ki pi defavorize nou yo. Plis pye bwa vle di kominote ki pi pwòp, pi vèt ak pi fre. Mwen rekonesan pou patenarya Gouvènè Hochul pou asire ke dola federal sa yo sèvi byen pou konstwi yon avni ki pi fre ak pi vèt pou New York."

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Gras a Lwa sou Rediksyon Enflasyon nou an, n ap pran aksyon pou bay resous enpòtan yo dirèkteman nan kominote yo isit la nan Rejyon Kapital la ak atravè Eta New York. Enfizyon siyifikatif finansman federal sa a pral ede plante pye bwa, ogmante kouvèti ovan, ak bati forè iben ki pi rezistan – tout pandan y ap abòde chanjman klimatik ak avanse jistis anviwònmantal. Pandan n ap kontinye bati sou siksè IRA a, mwen kontan wè benefis lejislasyon istorik nou an pran rasin isit la lakay mwen."

Reprezantan Pat Ryan te deklare, "Kouvèti pyebwa se yon nesesite absoli pou yon vil k ap pwospere epi envestisman istorik sa yo pral ogmante kouvèti ovan, amelyore rezistans klimatik, epi kreye travay ki byen peye sou wout la. Mwen fyè dèske 240,824 dola sa a pral ajoute nan 528,600 dola ki soti nan Lwa sou Rediksyon Enflasyon an ke mwen te bay pou pwogram forè iben Kingston ane pase a. Mwen pa ka tann pou m kontinye travay ak ofisyèl nan chak nivo gouvènman an pandan n ap fè Hudson Valley vin tounen yon kay dirab ak vibran pou jenerasyon k ap vini yo."

Pou reyalize plis objektif klima New York yo, Diskou sou Sitiyasyon Eta 2024 Gouvènè Hochul la te etabli yon objektif pou plante 25 milyon pye bwa nan tout eta a disi 2033 — yon efò 47 milyon dola ki te sipòte pa Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt la ak Bidjè yo te Adopte pou ane fiskal 2025 la. Objektif la pral ankouraje efò plantasyon pye bwa Eta a atravè sibvansyon anyèl pou plizyè ane bay minisipalite yo pou yo plante pye bwa pou sipòte rebwazman fleksib ak forè iben, modènize Pepinyè Komemoratif Kolonèl William F. Fox nan Saratoga DEC la, epi angaje pwochen jenerasyon jerans anviwònmantal la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU